

Lis pèfòmans pou bay Vitamin A ak remèd vè ansanm

Instriksyon: Lis pèfòmans sa a ka itilize pi byen lèw mete l ansanm avèk lis vizyèl VAS+D a-chak lis yo gen tout 39 etap yo. Pandan wap obsève lè yap bay VAS+D a, anrejistre yon evalyasyon pèfòmans (+, -, 0) anba kolòn nan adwat chak etap, yon fason pou w ka konpare kalite sèvis sa yo ak pi bon pratik entènasyonal yo. Iti lize yon nouvo kolòn pou chak obsèvasyon.

Evalyasyon pèfòmans (+, -, 0): Evalyasyon pèfòmans yo bay yon rekò pazapa pou distribisyon VAS+D a. Sipèvize ak monitè dwe itilize evalyasyon pèfòmans la pou idantifye pouki etap moun kap bay sèvis la konpetan (+), epi lot kote moun kap bay sèvis la bezwen plis sipo (-,0)

+	(+) Moun kap bay sèvis la te fè etap la kòrèkteman, epi l pat bezwen èd pou konplete etap la
-	(-)Moun kap bay sèvis la pat fè etap la byen, oubyen li bezwen èd pou fini etap la
0	(0) Moun kap bay sèvis la pat fè etap la

Etap	Premye Pati: Edikasyon Kominotè	Pwen				
1	Di tout paran ak tout timoun byenvini					
2	Di paran yo se sèl timoun ki kalifye ki ap ka pran vitamin A ak remèd vè					
3	Montre kapsil vitamin A yo ak grenn vè yo epi esplike relasyon ki genyen nan laj ak doz: <ul style="list-style-type: none"> - “ Vitamin A ki nan kapsil ble a se pou timoun ki gen 6-11 mwa (6 mwa jiska 1 an), epi kapsil wouj yo se pou timoun ki gen 12-59 mwa (1 an jiska 5 an). Timoun kalifye ki gen 12-23 mwa (1n jiska 2 an) ap resevwa 1 kapsil vitamin A koulè wouj ansanm ak mwatye (1/2) yon grenn vè, epi timoun ki gen 24-59 mwa (2 zan jiska 5 an) ap resevwa yon grenn antye..” 					
4	Esplike orè dozaj la : <ul style="list-style-type: none"> - “ Timoun yo de resevwa Vitamin A ak Remèd Vè chak 4-6 mwa (2 ou 3 fwa pa ane).” 					
5	Pale de benefis yo : <ul style="list-style-type: none"> - “ Lè timoun nan toujou pran Vitamin A ak remèd vè li vin pi djanm, li gen bon je, epi l pa gen vè poul ka manje byen.” 					
6	Esplike fè segondè yo (pou plis detay gade tab 1 an nan fen lis sa a: <ul style="list-style-type: none"> - “Timoun ki pran vitamin A ak remèd vè ansanm kapab gen youn oubyen plizyè efè segondè sa yo: anvè vomè, vomisman, tèt fè mal, bouch pa bon, pati mou nan tèt tibebe a ka anfle, ti vant fè mal, dyare, oubyen fatig.” 					
7	Mansyone posibilite efè segondè yo : <ul style="list-style-type: none"> - “ Efè segondè yo ra, anvivon 5 sou 100 timoun kapab santi yo .” 					
8	Pale de dire efè segondè yo : <ul style="list-style-type: none"> - “ Efè segondè dire pou plis 2 jou kòmanse depi jou timoun nan resevwa vitamin A ak remèd vè a.” 					
9	Esplike kilè pou cheche wè doktè : <ul style="list-style-type: none"> - “ Si sentom yo dire plis ke 2 jou oubyen si gen lòt sentom ki devlope, ale wè doktè.” 					
10	Pale de lòt efè segondè pran remèd vè genyen: <ul style="list-style-type: none"> - “ Apre timoun nan fin pran remèd vè, ou ka wè vè soti nan tata li. Nan kèk ka ki ra, vè yo ka soti nan nen l oubyen nan bouch li; yo ka rale yo oubyen krache yo.” 					
11	Klarifye sekerite epi akouplaj avèk vaksinasyon: <ul style="list-style-type: none"> - “ Vitamin A ak remèd vè san danje pou timoun yo, yo ka pranl menm jou ak vaksen.” 					
12	Mande si pa gen okenn kesyon epi reponn yo byen ak respè					

Etap	Parti 2: Tès kalifikasyon ak distribisyon	Pwen																				
13	Mande non timoun nan epi mande kat sante timoun nan pou ka verifye																					
14	<p>Itilize kritè ki anba chak sèvis pou w ka verifye kalifikasyon pou Vitamin A ak remèd vè. Si apre w fin verifye kalifikasyon an ou jwenn yon timoun pa reponn ak youn oubyen plizyè nan kritè yo pou yon sèvis an patikilye, pinga ou bay sèvis sa. Men, gade tab 2 ak 3 a ou jwenn nan fen lis sa a.</p> <table border="0" data-bbox="203 317 1349 1016"> <tr> <td data-bbox="203 317 760 386" style="text-align: center;">3 kritè ki pèmèt timoun nan kalifye pou sèvis Vitamin A</td> <td data-bbox="760 317 1349 386" style="text-align: center;">6 kritè ki pèmèt timoun nan kalifye pou pran remèd vè</td> </tr> <tr> <td data-bbox="203 386 760 455"> <input type="checkbox"/><input type="checkbox"/><input type="checkbox"/> Timoun nan gen 6-59 mwa ((6 mwa jiska 5 an)) </td> <td data-bbox="760 386 1349 455"> <input type="checkbox"/><input type="checkbox"/><input type="checkbox"/> Timoun nan gen 12-59 mwa (1 jiska 5 an) </td> </tr> <tr> <td data-bbox="203 455 760 562"> <input type="checkbox"/><input type="checkbox"/><input type="checkbox"/> <i>Montre kapsil la epi verifye ke:</i> <input type="checkbox"/><input type="checkbox"/><input type="checkbox"/> Timoun nan pat resevwa vitamin A nan mwa ki sot pase la </td> <td data-bbox="760 455 1349 562"> <input type="checkbox"/><input type="checkbox"/><input type="checkbox"/> <i>Montre grenn lan epi verifye ke:</i> <input type="checkbox"/><input type="checkbox"/><input type="checkbox"/> Timoun nan pat pran remèd vè nan mwa ki sot pase a </td> </tr> <tr> <td data-bbox="203 562 760 709"> <i>Timoun nan pa genyen sentom nou pral site la jodi a. Mande paran an si timoun nan gen sa n pral site la Jodi a. Si l reponn wi, refere l kay doktè:</i> </td> <td data-bbox="760 562 1349 709"> <i>Timoun nan pa gen sentom sa nou pral site anba jodi a. Mande paran si timoun nan gen sa nou pral site la jodi a. Si l reponn ou wi, refere l bay doktè:</i> </td> </tr> <tr> <td data-bbox="203 709 760 821"> <input type="checkbox"/><input type="checkbox"/><input type="checkbox"/> Gwo difikilte pou respire jodia <input type="checkbox"/><input type="checkbox"/><input type="checkbox"/> (obsève pouw ka aisre w timoun nan pap trangle lè l vale lwil la) </td> <td data-bbox="760 709 1349 821"> <input type="checkbox"/><input type="checkbox"/><input type="checkbox"/> Gwo difikilte pou respire jodia <input type="checkbox"/><input type="checkbox"/><input type="checkbox"/> (obsève pouw ka aisre w timoun nan pap trangle lè l vale lwil la) </td> </tr> <tr> <td data-bbox="203 821 760 890"></td> <td data-bbox="760 821 1349 890"> <input type="checkbox"/><input type="checkbox"/><input type="checkbox"/> Vomisman Jodi a <input type="checkbox"/><input type="checkbox"/><input type="checkbox"/> </td> </tr> <tr> <td data-bbox="203 890 760 959"></td> <td data-bbox="760 890 1349 959"> <input type="checkbox"/><input type="checkbox"/><input type="checkbox"/> Lafyèw Jodi a <input type="checkbox"/><input type="checkbox"/><input type="checkbox"/> </td> </tr> <tr> <td data-bbox="203 959 760 1016"></td> <td data-bbox="760 959 1349 1016"> <input type="checkbox"/><input type="checkbox"/><input type="checkbox"/> Gwo dyare Jodi a <input type="checkbox"/><input type="checkbox"/><input type="checkbox"/> </td> </tr> </table>	3 kritè ki pèmèt timoun nan kalifye pou sèvis Vitamin A	6 kritè ki pèmèt timoun nan kalifye pou pran remèd vè	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> Timoun nan gen 6-59 mwa ((6 mwa jiska 5 an))	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> Timoun nan gen 12-59 mwa (1 jiska 5 an)	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <i>Montre kapsil la epi verifye ke:</i> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> Timoun nan pat resevwa vitamin A nan mwa ki sot pase la	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <i>Montre grenn lan epi verifye ke:</i> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> Timoun nan pat pran remèd vè nan mwa ki sot pase a	<i>Timoun nan pa genyen sentom nou pral site la jodi a. Mande paran an si timoun nan gen sa n pral site la Jodi a. Si l reponn wi, refere l kay doktè:</i>	<i>Timoun nan pa gen sentom sa nou pral site anba jodi a. Mande paran si timoun nan gen sa nou pral site la jodi a. Si l reponn ou wi, refere l bay doktè:</i>	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> Gwo difikilte pou respire jodia <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> (obsève pouw ka aisre w timoun nan pap trangle lè l vale lwil la)	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> Gwo difikilte pou respire jodia <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> (obsève pouw ka aisre w timoun nan pap trangle lè l vale lwil la)		<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> Vomisman Jodi a <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>		<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> Lafyèw Jodi a <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>		<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> Gwo dyare Jodi a <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>					
3 kritè ki pèmèt timoun nan kalifye pou sèvis Vitamin A	6 kritè ki pèmèt timoun nan kalifye pou pran remèd vè																					
<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> Timoun nan gen 6-59 mwa ((6 mwa jiska 5 an))	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> Timoun nan gen 12-59 mwa (1 jiska 5 an)																					
<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <i>Montre kapsil la epi verifye ke:</i> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> Timoun nan pat resevwa vitamin A nan mwa ki sot pase la	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <i>Montre grenn lan epi verifye ke:</i> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> Timoun nan pat pran remèd vè nan mwa ki sot pase a																					
<i>Timoun nan pa genyen sentom nou pral site la jodi a. Mande paran an si timoun nan gen sa n pral site la Jodi a. Si l reponn wi, refere l kay doktè:</i>	<i>Timoun nan pa gen sentom sa nou pral site anba jodi a. Mande paran si timoun nan gen sa nou pral site la jodi a. Si l reponn ou wi, refere l bay doktè:</i>																					
<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> Gwo difikilte pou respire jodia <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> (obsève pouw ka aisre w timoun nan pap trangle lè l vale lwil la)	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> Gwo difikilte pou respire jodia <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> (obsève pouw ka aisre w timoun nan pap trangle lè l vale lwil la)																					
	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> Vomisman Jodi a <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>																					
	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> Lafyèw Jodi a <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>																					
	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> Gwo dyare Jodi a <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>																					
15	Itilize dezenfektan ki gen alkòl oubyen savon ak dlo pwòp pou w lave men w.																					
16	Asire w timoun nan kalm. Pouw ka diminye chans pou timoun nan trangle, pa janm fòse yon timoun pran Vitamin A ak remèd vè.																					
17	Pou timoun ki kalifye pou vitamin A, chwazi dòz apwopriye a: <ul style="list-style-type: none"> - Timoun ki gen 12-59 mwa (6 mwa jiska 1 an) ap resevwa kapsil wouj (200 000 IU) - Timoun ki gen 6-11 mwa (1 an jiska 5 an) ap resevwa kapsil ble (100 000 IU) 																					
18	Mande paran poul sipòte deyè tèt timoun nan epi pou l asire l bouch li louvri.																					
19	Itilize sizo pwòp pouw koupe ti tèt etwat kapsil la																					
20	San w pa touche timoun nan, peze tout lwil vitamin A a nan bouch timoun nan.																					
21	Jete kapsil ki itilize deja yo nan yon poubèl ki fèt pou sa																					
22	Mande si timoun nan pa gen anyen aprè l fin vale tout lwil la																					
23	Itilize yon sèvyèt pwòp pouw siye rès lwil la nan men w ak nan sizo a.																					
24	Pou timoun ki kalifye pou pran remèd vè, chwazi laj ak dòz ki apwopriye a (pou lòt preparasyon grenn sa yo, gade tab 4 la nan fen lis sa a) <ul style="list-style-type: none"> - Timoun ki gen 12-23 mwa (1 an jiska 2 zan) ap resevwa mwatye (1/2) yon grenn kraze (200 mg Albendazole) - Timoun ki gen 24-59 mwa (2 zan jiska 5 an) ap resevwa 1 grenn kraze an antye (400 mg Albendazole) 																					
25	Prepare Albendazol la epi mete mwatye (1/2) oubyen yon (1) grenn antye nan yon papye pliye ki pwòp epi ki pa ekri. Itilize yon boutèy fayans oubyen yon mòtye, kraze grenn nan jiskaske l fè poud.																					
26	Mande paran an pou l kenbe deyè tèt timoun nan epi asire l bouch li louvri.																					
27	San w pa touche timoun nan, itilize yon papye pliye pou w lage poud grenn nan nan bouch timoun nan.																					
28	Jete papye w itilize a nan w poubèl ki fèt pou sa.																					
29	Mande si timoun nan pa gen anyen lè l fin moulen epi vale grenn nan																					

Etap	Twazyèm pati: Klasman dosye ak konsèy de sòti	Pwen				
30	Anrejistre dòz Vitamin A ak remèd vè timoun nan pran Jodi a sou rekò distribisyon w lan ak souk at sante timoun nan.					
31	Make dat retou a sou kat sante timoun nan oubyen sou lòt papye epi bay paran li. Di paran kilè ak ki kote poul tounen ak timoun nan vin pran vitamin A ak remèd vè ankò.					
32	Klarifye sekerite epi akouplaj avèk vaksinasyon: – “ Vitamin A ak remèd vè san danje pou timoun yo, yo ka pranl menm jou ak vaksen.”					
33	Esplike fè segondè yo (pou plis detay gade tab 1 an nan fen lis sa a: – “Timoun ki pran vitamin A ak remèd vè ansanm kapab gen youn oubyen plizyè efè segondè sa yo: anvi vom, vomisman, tèt fè mal, bouch pa bon, pati mou nan tèt tibebe a ka anfle, ti vant fè mal, dyare, oubyen fatig.”					
34	Mansyone posibilite efè segondè yo : – “ Efè segondè yo ra, anviwon 5 sou 100 timoun kapab santi yo .”					
35	Pale de dire efè segondè yo : – “ Efè segondè dire pou plis 2 jou kòmanse depi jou timoun nan resevwa vitamin A ak remèd vè a.”					
36	Esplike kilè pou cheche wè doktè : – “ Si sentom yo dire plis ke 2 jou oubyen si gen lòt sentom ki devlope, ale wè doktè.”					
37	Pale de lòt efè segondè pran remèd vè genyen: – “ Apre timoun nan fin pran remèd vè, ou ka wè vè soti nan tata li. Nan kèk ka ki ra, vè yo ka soti nan nen l oubyen nan bouch li; yo ka rale yo oubyen krache yo.”					
38	Pale de benefis yo : – “ Lè timoun nan toujou pran Vitamin A ak remèd vè li vin pi djanm, li gen bon je, epi l pa gen vè poul ka manje byen.”					
39	Mande si pa gen okenn kesyon epi reponn yo byen ak respè					

Tab. 1: Esplikasyon detaye efè segondè yo

Efè segondè	Anvi vom	Vomisman	Tèt fè mal	Bouch pa bon	Anfleman fontanel	Ti vant fè mal	Dyare	Fatig
Vitamin A	✓	✓	✓	✓	✓			
Albendazòl	✓	✓	✓			✓	✓	✓

Tab 2: Nòt sou diskalifikasyon pou bay Vitamin A (SVA) (Etap 14)

Yon timoun pa kalifye e pa ka pran Vitamin A si l youn nan sa nou pral site la yo vre. Pou plis infòmasyon, gade liv administrasyon vitamin A nan pwojè distribisyon inivèsèl yo.

Rezon diskalifikasyon (rezon ki fè timoun nan pa kalifye):
Timoun nan ...

Kòman pou reyaji lè gen diskalifikasyon :
Si timoun nan ...

– Gen pi piti ke 6 mwa, oubyen gen 60 mwa (5 an) oubyen plis; oubyen ankò	– Gen pi piti pase 6 mwa, di paran l kilè ak kibò poul retounen avèk timoun nan pou lòt dòz vitamin A a, epi ba l ti konsèy sou alètman matènèl. – Si l gen 60 mwa (5 an) oubyen plis, Ba l konsèy sou vitamin A- ak manje ki rich
– Li te resevwa Vitamin A nan mwa ki sot pase a (4 semenn) ; oubyen	– Li te resevwa Vitamin A pandan mwa ki sot pase a, di paran kilè ak kibò pou l retounen avèk timoun pou pwochenn dòz la.
– Li gen gwo difikilte pou respire.	– Li genyen gwo difikilte pou respire, refere l bay doktè imediatman. Epi mande paran an poul retounen ak timoun nan pou pwochen dòz VAS la

Tab 3: Nòt sou diskalifikasyon pou resevwa remèd vè (etap14)

Yon timoun pa kalifye pou epi pa ka resevwa remèd vè si youn nan sa nou pral site la yo vre. Pou plis enfòmasyon, gade liv referans pou bay timoun preskolè ki gen 12 a 59 mwa remèd vè a nan pwoje distribisyon Vitamin A yo.

Rezon diskalifikasyon (rezon ki fè timoun nan pa kalifye):	Kòman pou reyaji lè gen diskalifikasyon :
Timoun nan ...	Si timoun nan ...
– Li gen pi piti ke 12 mwa (1 an), oubyen li gen 60 mwa (5 an) oubyen plis; oubyen anko	– Gen pi piti kw 12 mwa, gade si timoun nan kalifye pou lòt sèvis sante, espesyalman vitamin A. – Timoun nan gen 60 mwa (5 an) oubyen plis, bay konsèy sou sentom vè ka bay epi ki kote pou l jwenn tretman, bay konsèy sou manje ki rich ak eleman nourisan, sitou sa k genyen Vitamin A yo.
– Li te resevwa remèd vè nan mwa ki sot pase a ; oubyen	– Te resevwa remèd vè nan mwa ki sot pase a, di paran kilè ak kibò pou l retounen avèk timoun nan pou pwochen dòz remèd vè a.
– Li genyen nenpòt nan sa nou pral site la yo jodi a : lafyè, vomisman, gwo dyare, oubyen difikilte pou respire.	– Genyen gwo difikilte pou respire, lafyè jodi a, vomisman jodi a, oubyen gwo dyare jodi a, epi refere timoun nan bay doktè imedyatman. Epi tou, mande paran an poul retounen ak timoun nan pou pwochen dòz remèd vè a.

Etap	Tab 4: Lòt fason pou prepare grenn yo (nan dezyèm pati a)	Pwen
24 or	Pou Timoun ki kalifye pou pran remèd vè, chwazi dòz ki koresponn ak laj ak preparasyon : <ul style="list-style-type: none"> – Timoun ki gen 12-23 mwa ap resevwa mwatye (1/2) yon grenn kraze (200 mg Albendazole) – Timoun ki gen 24-35 mwa ap resevwa 1 grenn antye kraze (400 mg Albendazole) – Timoun ki gen 36 a 59 mwa ap resevwa 1 grenn antye (400 mg Albendazole) ** Lè wap itilize Mebendazol pou remèd vè: Bay timoun ki gen 12-59 mwa 1 grenn kraze (500 mg). (1 an jiska 5 an).	
25	Prepare grenn nan selon laj timoun nan Kraze grenn nan: Ou dwe kraze grenn nan pou timoun ki gen 12-35 mwa <ul style="list-style-type: none"> – Itilize kiyè <u>pwòp</u> oubyen yon <u>mòtye ak pilon</u> pou kraze ½ (mwatye) oubyen 1 (youn) grenn Abendazol an poud epi mete nan yon kiyè oubyen yon ti papye blan pwòp ki pliye. – Si w itilize yon kiyè pou w kraze, fonn poud la ak kèk gout dlo. Grenn antye : Pou timoun ki gen 36-59 mwa <ul style="list-style-type: none"> – Mande paran an si timoun lan ka moulèn epi vale tout grenn lan. Si repons lan se Wi, pinga kraze grenn lan, kitel ankè. 	
26	Grenn kraze: Ou dwe kraze grenn pou timoun ki gen 12-35 mwa <ul style="list-style-type: none"> – Mande paran an poul kenbe dèyè tèt timoun nan epi asire l bouch li louvri . Grenn antye: Pou timoun ki gen 36-59 mwa sèlman <ul style="list-style-type: none"> – Mande paran an poul asire l bouch timoun nan louvri . 	
27	Bay grenn nan Grenn kraze: Ou dwe kraze grenn nan pou timoun ki gen 12-35 mwa <ul style="list-style-type: none"> – San w pa touche paran an, ba li kiyè ki gen Albendazol la pou l bay timoun nan; oubyen – San w pa touche timoun nan, itilize yon papye pliye pouw mete grenn kraze a nan bouch timoun nan.. Grenn antye: Pou timoun ki gen 36-59 mwa selman <ul style="list-style-type: none"> – Lage grenn nan nan men paran an ki louvri a epi montre l pou l bay timoun nan moulèn l nè. 	
28	Mande si timoun nan pa gen anyen apre l fin moulèn epi vale grenn nan.	
29	Jete kiyè a oubyen papye a nan yon poubèl ki fèt pou sa, oubyen lave kiyè w ka itilize anko yo ak savon epi dlo pwòp. ...Kontinye ak twazyèm pati a	